



Pwosesis Devlopman Reglemantè a

Depatman Resous Natirèl ak Kontwòl Anviwònmanal nan Delaware (Department of Natural Resources and Environmental Control, DNREC) se yon ajans ekzekitif eta a ki gen responsablite pou l alafwa pwoteje anviwònman Delaware ak sante piblik. Asanble Jeneral Delaware la pase lwa ki adrese pwoteksyon sante imen ak anviwònman.

Kèk lwa anviwònmanal mande pou depatman an prepare regleman pou aplike lwa ki te pase pa lejislati a. [Regleman anviwònmanal](#) bezwen mizajou peryodikman pou satisfè ekzijans legal k ap chanje, mizajou nan konpreyansyon syantifik anviwònman an, chanjman nan anviwònman ekonomik oubyen biznis oubyen lòt faktè.

Yon Pwosesis Devlopman Reglemantè ki Transparan

DNREC swiv yon pwosesis devlopman reglemantè ki kreye pou l asire, nan nivo sa posib, tout moun ki entereze nan yon aksyon pwopoze konsènan yon regleman resevwa notifikasyon nan fason apwopriye sou li, pou depatman an swiv yon pwosesis previzib ak transparan nan devlope, adopte, modifiye, ak/oubyen retire reglemantasyon sa yo, epi tout pwosesis sa yo respekte ekzijans legal ak pwogramatik.

Tout chanjman reglemantè kòmansè ak yon [Notifikasyon Kòmansman Aksyon \(SAN\)](#) ki site tip ak objektif chanjman pwopoze a, baz lejislatif pou aksyon an, patisipan ki afekte, kalandriye ak plis enfòmasyon.

Nan kad pwosesis evalyasyon piblik lan, chanjman reglemantè pibliye nan [Rejis Reglemantasyon](#) eta a. Yo pibliye Rejis la mansyèlman epi li enkli yon Analiz Fleksibilite Reglemantè ak yon Deklarasyon Enpak pou chak aksyon pwopoze (sofsi si yo ekskli li), jan yo ekzije sa nan kad [Lwa Fleksibilite Reglemantè a](#).

Analiz Fleksibilite a konsidere, lè sa valid, metòd espesifik, legal, feزاب ak dezirab pou redwi pwa regleman sou endividi ak/oubyen ti antrepriz yo.

Deklarasyon Enpak la idantifye endividi ak/oubyen ti antrepriz li pral afekte, ofri yon estimasyon pri potansyèl pou konfòmite, epi dekri nenpòt lòt metòd altènatif ki mwens entrizif oubyen mwen chè pou reyalize objektif reglemantasyon an.

Avi piblik fòmèl ki anonse atelye ak odyans piblik pral pibliye tou nan jounal onivo eta a ak [sou sitwèb DNREC a](#).

Ou ka [abone](#) pou w resevwa avi piblik DNREC yo. Avi DNREC yo enkli kominike sou pwopozisyon chanjman reglemantè, aplikasyon pèmi ak lòt sijè.



Ou fè pati pwosesis la

Depatman an ankouraje piblik la pou l analize ak kòmante sou tout chanjman reglemantè ki pwopoze, alafwa nan pwosesis devlopman an ak anvan pwomilgasyon final la.

Depatman an dwe reyalize atelye pou l chache opinyon sou pwopozisyon ki an konsiderasyon an. Nan kèk ka, departman an ka reyalize rankont ak pati prenan yo ak enterè espesifik nan reglemantasyon an pou fasilite diskisyon ak ekplòre opsyon ak lide.

Se nan moman sa ou ka poze kesyon sou pwopozisyon an. Disiksyon transparan sa a ak manm piblik la, kominote reglemante a ak lòt pati ki enterese nan pwopozisyon an ede departman an prepare reglemantasyon ki ekilibre kòrèkteman pwoteksyon anviwònman an ak sante piblik ansanm ak bezwen kominote reglemante a.

Nou envite tout manm nan piblik la pou bay prezans yo ak patisipe nan atelye sa yo.

Tout rankont ak evènman piblik ajans lan, sa enkli [Odyans Piblik DNREC](#), pibliye nan [kalandriye evèman DNREC](#) a. Rankont ki sijè a lwa sou rankont transparan eta a pibliye tou nan [Kalandriye Rankont Piblik](#) eta a.

Odyans Piblik lan

Depi yon reglemantasyon oubyen chanjman reglemantè pwopoze fin rive nan dènye etap "redaksyon", yo pibliye l nan [Rejis Reglemantasyon](#) epi li achemine nan yon [odyans piblik fòmèl](#). Odyans lan pèmèt piblik lan evalye pwopozisyon an epi [fè kòmantè](#).

Desizyon final lan nan pwomilgasyon yon reglemantasyon fèt pa Sekretè Depatman Resous Natirèl ak Kontwòl Anviwònman la (DNREC), yon pòs kabinè ministeryèl ki deziyen pa Gouvènè a. Nan pran desizyon sa a, Sekretè a depann de yon dosye fòmèl ki prepare pa yon Ofisye Odyans deziyen.

Dosye a jeneralman enkli bagay tankou:

- Ekzijans legal (lwa reglemantasyon an sipòte)
- Kòmantè piblik, sa enkli kòmantè ki soti nan kominote reglemante a.
- Konsèy nan men ekspè anndan departman an epi, si nesesè, nan sous ekstèn.

Li enpòtan pou departman an tande opinyon nan men tout sila yo ki potansyèlman afekte pa reglemantasyon pwopoze a, ak nan men lòt manm piblik la. Opinyon sa yo ka sipòte pwopozisyon an oubyen yo ka opoze ak pwopozisyon an.

Yon odyans piblik fòmèl se pa menm bagay ak yon atelye. Manm estaf DNREC pa ka reponn kesyon nan yon odyans, epi moun ki vle ofri kòmantè pandan odyans lan [dwe enskri davans](#).

**PWOMILGE: DEKLARE OUBYEN ANONSE
PIBLIKMAN OUBYEN PWOKLAME.
ESPESYALMAN NAN SA KI KONSÈN LWA
OUBYEN REGLEMANTASYON, POU METE AN
APLIKASYON OUBYEN ANVIGÈ.**



Aprè odyans piblik la, kòmantè piblik alekri ap aksepté pandan omwen 15 jou. Kantite tan an ka pwolonje pa Ofisye Odyans lan. Tan sa a pèmèt moun yo soumèt kòmantè anfonksyon de sa yo te aprann nan odyans lan.

Tout kòmantè piblik apwopriye, keseswa vèbalman nan odyans piblik la oubyen alekri anvan oubyen aprè odyans lan, gen menm pwa epi pral konsidere egalman pa Sekretè a.

Chak Odyans piblik gen pwòp paj wèb li, ou ka jwenn nan de.gov/dnrehearings, ki enkli dosye odyans lan okonplè- transkripsyon odyans lan, ekspozisyon, tout kòmantè piblik, yon Nòt Repons Teknik, Rapò Ofisye Odyans lan, ak Òdonans Sekretè a.

Evalyasyon ak Desizyon

Aprè fèmti peryòd kòmantè piblik la, ekspè DNREC yo nan domèn lan pral analize kòmantè yo epi ofri repons teknik pou kòmantè sa yo nan yon Nòt Repons Teknik. Dokiman sa achemine bay Ofisye Odyans lan, ki fè yon rekòmantasyon bay Sekretè a anfonksyon Dosye Odyans konplè a.

Aprè evalyasyon Dosye Odyans lan okonplè, Sekretè DNREC a pran yon dezisyon si pou l apwouve oubyen refize chanjman reglemantè pwopoze yo. Desizyon sa a, ak rezon ki jistifye l yo, anonse fòmèlman atravè òdonans Sekretè a ki pibliye nan Rejis Regleman Delaware yo ak [sou sitwèb DNREC a](#).

Deklarasyon non-responsablite: Nan dokiman sa a, entansyon nou se bay enfòmasyon sou Lwa Pwosedi Administratif nan Delaware, epi li pa kapte tout aspè li yo oubyen kreye okenn responsablite legal. Ekzijans legal pou pwosesis reglemantè DNREC a twouve l nan [lwa](#) ak [regleman](#) yo nan eta Delaware.